



# Akademi Paran An Ede Pitit Ou Reyisi Lekòl



**Rasyonèl:** Paran se premye pwofesè ki pi enpòtan pou pitit yo. Rechèch pandan dizan montre lè paran yo angaje, siksè elèv la ogmante anpil. Resansman yo fè resamman repòte yon rapò dirèk ant nivo edikasyon ak nivo salè. Ansòm, moun ki genyen yon diplòm lekòl segondè genyen plis lajan pase moun ki kite anvan yo fini lekòl. Moun ki genyen yon degre kolèj genyen yon salè ki pi wo pase moun ki genyen yon diplòm lekòl segondè. Edikasyon enpòtan pou bati fanmi ki pi solid ak kominote ki pi bon. Edikasyon ede kraze sik povrete a e li amelyore kalite lavi a. Edikasyon bay moun plis chwa.

Paran kab jwe yon gwo wòl nan ede pitit yo reyisi lekòl e nan lavi. Men kijan:

## Nan Kay la

- Pale ak pitit ou sou sa yo ap aprann lekòl.
- Asire pitit ou fini tout devwa lekòl li yo. Revize travay pitit ou a avèk li. Rezève yon espas ki trankil nan kay la pou pitit ou kab fè devwa li.
- Fè lekti tounen yon priyorite. Plis timoun li, plis yo konn li pi byen. Lekòl Leta Miami-Dade County rekòmande timoun li omwen 30 minit lakay yo chak jou. Li ansanm. Li pou pitit ou. Fè pitit ou li pou ou.
- Eseye manje an fanmi omwen yon fwa chak jou. Pale ansanm.
- Aktivite pou aprann ki enfòmèl genyen menm benefis ak aktivite ki fòmèl lekòl:
  - Vizite mize, bibliyotèk piblik, libreri, zou
  - Fè manje ansanm
  - Ale nan evènman kiltirèl
  - Chante oubyen jwe mizik ansanm
  - Amize nou nan yon sware kote fanmi jwe jwèt ansanm
- Di pitit ou ou renmen li chak jou. Fè yo konnen yo enpòtan. Menm timoun ki pi gran bezwen tandè mesaj enpòtan sa a.
- Yo bay rapò sou pwogrè sou senkyèm semèn nan chak trimès. Revize rapò sou pwogrè a avèk pitit ou. Si rapò sou pwogrè a endike *“Borderline”* (feblès) oubyen *“Failing”* (Pap Reyisi), fè yon rankont ak pwofesè pitit ou a, e chèche jwenn asistans leson patikilye pou ede pitit ou.
- Yo bay Kanè nan fen chak peryòd nèt nèf semèn nan. Silvouplè mande pitit ou a pou wè kanè a. Chita e revize li ak pitit ou. Konplimante li paske li gen “A” oubyen “B.” Si pitit ou a te genyen yon “C,” “D,” oubyen yon “F,” pale ak pitit ou sou kèk rezon ki kab fè li genyen nèt sa yo, chèche asistans leson patikilye, e fè yon randevou pou yon konferans avèk pwofesè pitit ou a pou diskite fason ou kab ede pitit ou. Anplisdesa, kanè a montre kantite jou pitit ou te absan lekòl oubyen nan klas pou peryòd nèf semèn nan.
- Asire pitit ou a dòmi uit a nevèdtan chak swa. Somèy se yon tan enpòtan pou pwosès enfòmasyon li te aprann pandan jounen an.

## Nan Lekòl la

- Siveye prezans pitit ou a lekòl. Pitit ou pap aprann si li pa lekòl. Silvouplè vizite biwo prezans lekòl pitit ou a e asire w ou okouran jou yo te repòte pitit ou a te absan lekòl. Sa ap ede w asire pitit ou pa fè woul.
- Ale nan “open houses” (vizit lekòl yo), aktivite, ak evènman nan lekòl pitit ou a.
- Fè volontè nan lekòl pitit ou a.

- Patisipe nan PTSA a (Asosyasyon Paran-Pwofesè-Elèv)

## Ane Timoun Anbazaj yo

Ane timoun anbazaj yo, peryòd apatide nesans rive nan laj 5 kan, kritikil nan ede bati fondasyon pou aprann pou tout lavi. Tèlman genyen anpil bagay paran kab fè diran tan sa a pou ede pitit yo devlope ladrès pou preparasyon lekòl.

## Ankadreman

- Timoun bezwen santi yo renmen e yo vle yo. Li nesèsè pou yo kab grandi nòmal ak pou devlopman yo. Kenbe e karese pitit ou souvan bon pou lasante e sa ede timoun devlope yon sans yo ansekirite.
- Di pitit ou ou renmen li chak jou.

## Devlope Ladrès pou Lang

- Timoun, menm tibebe, konprann plis pase sa paran yo ak lòt adilt kab janm imajine. Yo kab paka kominike ak pawòl, men sa pa vle di yo pa konprann sa n ap di. Yo konprann.
- Lòt ladrès pou lang ede timoun devlope ladrès pou pre-alfabetizasyon. Li enpòtan pou paran ak lòt moun k ap pran swen yo pale ak timoun, menm tibebe, otan posib, pou ede timoun devlope ladrès pou lang yo.
  - Kenbe yon liv pwezi pou bebe toupre kote w chanje kouchèt la e li yon pwezi pou bebe chak fwa w ap chanje kouchèt.
  - Chante *Chan Alfabèt La* e lòt rit chante chak jou
  - Li yon liv pa jou pou pitit ou
  - Eksplòre avèk pitit ou
  - Pale avèk pitit ou souvan

## Disiplin ki pozitif

- Timoun devlope pwòp sans yo sou sa ki bon e sa ki pa bon bonè nan ane yo. Lè timoun fè yon bagay ki pa akseptab, silvouplè pran tan pou eksplike timoun yo sa yo fè ki pa bon, e pale ak yo sou kòman ou ap atann yo aji.

**Akademi Paran An ofri klas gratis pou ede paran ede pitit yo. Pou plis enfòmasyon, silvouplè rele (305) 995-2680, oubyen vizite paj Entènèt la nan [www.theparentacademy.net](http://www.theparentacademy.net).**

